

## MEN BIWO LEGAL SÈVIS YO NAN MIAMI

### PI GRO BIWO-A

3000 Biscayne Boulevard,  
Suite 500  
Miami, Florida 33137  
Telephone (305) 576-0080

### BIWO REJYONAL YO

#### BIWO LEGAL NAN SID LA SOUTH DADE LAW CENTER

11285 SW 211 Street, #302  
Miami, Florida 33189  
Telefòn nòm (305) 232-9680  
Telefòn pou moun ki soud (786) 242-0207

#### LEGAL SERVICES OF FLORIDA KEYS

Telephone (877) 715-7464  
Fax (877) 715-7466

### TI BIWO YO

#### BIWO NAN FLORIDA CITY FLORIDA CITY/HOMESTEAD NEIGHBORHOOD OFFICE

1600 NW 6<sup>th</sup> Court  
Florida City, FL 33034  
Telephone (305) 247-2068  
Fax (305) 242-7909  
Tuesday 9:30 am - 11:30 am

#### BIWO NAN LIBERTY CITY LIBERTY CITY OFFICE MIAMI WORKERS CENTER

6127 NW 7<sup>th</sup> Avenue  
Miami, FL 33127  
Phone (305) 759-8717  
2<sup>nd</sup> and 4<sup>th</sup> Tuesday of each month



# DWA AK RESKONSABLITE MOUN KI NAN LWAYE



Se Legal Services of Greater Miami ki prepare ti liv sa a

## I. ENTWODIKSYON

Bi ti liv sa-a se pou ba'w oumenm ki nan lwaye yon ide jeneral de dwa ak obligasyon ke'w genyen devan moun ki lwe'w kay dapre lwa ki tabli nan Florid. (Ou ka jwenn lwa ki konsène dwa ak responsabilite lokatè ak mèt kay nan dezyèm pati, Chapit 83 prensip lwa Florid yo). Men sepandan, ti liv sa-a pa la pou'l ranplase bon jan konsèy legal.

## II. KI MOUN LALWA PWOTEJE?

La lwa pwoteje tout moun ki lwe yon kote pou'l RETE, sof nan ka sa yo ki swiv la-a:

- Si'w rete nan yon otèl, yon motèl, osnon nan yon Chanm Kay tanporèman. (Men, lalwa kouvri kote sa yo si lwaye-a pèmanan oswa pou yon tan endefini e ke lokatè-a pa gen lòt kote pou'l rete).
- Si'w rete nan yon enstitisyon tankou prizon, mezon'd sante, yon lekòl, oswa yon dotwa (kote bibliik moun dòmi).
- Si'w lwe nan yon apatman kooperatif oswa si'w se pwopryetè yon inite ki nan yon kondominyòm.
- Si'w rete yon kote ki deja nan negosyasyon pou vann, sòf si moun kap vann nan ba'w yon papye lwaye separe, osnon, moun nan avèk ou siyen yon papye ki diferan de kontra vant lan.

## III. RESKONSABLITE LOKATÈ ANVÈ MÈT KAY YO

An plis de responsabilite ke mèt kay yo bay lokatè yo dapre yon kontra ki fèt sou papye, ou gen yo lòt obligasyon sa yo:

- Asire'w ke'w pa fè anyen ki pou fè mèt kay la vin' an kontravansyon ak lwa ki tabli sou batiman, kay ak koze sante.
- Pou'w kenbe pati kote'w rete-a pwòp nan liyèn, retire fatra yo, pa kite kote dlo yo pase-a bouche, sa vle di: pa kite okenn bagay rantrè kote dlo yo ale-a paske sa ap koz ke sistèm tiyo-a mache mal.
- Fòk ou byen opere tout aparèy ki nan kay la: aparèy elektrik, kote dlo yo pase-a, ak tout aparèy ki ede la pwòpte, aparèy ki bay chofay tankou aparèy ki bay bon van ak tout lòt aparèy, tankou asansè.
- Pa detwi, pa domaje, osnon pa retire okenn bagay ki pou mèt kay la.
- Pou ou menm ansanm ak vizitè'w yo aji san'n pa

deranje zòt.

- Fòk ou pèmèt mèt kay la rantrè anedan-an pou enspeksyon, reparasyon oswa pou'l montre yon lòt moun kay la. Ou pa kapab pa kite'l rantrè anedan kay san ankenn rezon. Mentou, mèt kay la dwe fè'w konnen 12 zè'd tan pou pi piti a lavans anvan li vin' fè reparasyon e se sèlman de 7:30 di maten rive nan 8:00 di swa ke'l ka vin' fè reparasyon.
- Yo ka mande'w sòti nan kay la pou kèk jou pou yo flite anedan kay la, men sa pa dwe pran plis ke 4 jou e fò yo fè'w konnen sa a lekri 7 jou davans. Mèt kay la dwe retire jou sa yo ke'w te oblije pase deyò-a sou kob kay la.
- Ou gen dwa gen sistèm kabann k'ap flote yo depi li pa an kontravansyon ak lwa ki tabli sou bildin yo. Mentou, fòk ou pran asirans sou kabann nan e fò'l kouvri mèt bildin nan.

## IV. OBLIGASYON MÈT KAY YO

Mèt kay yo dwe respekte lwa ki tabli sou kay ki nan lwaye. Pa egzanp:

- Do kay la pa gen dwa koule.
- Se pou miray yo byen bati; epitou tout tiyo dlo yo byen sere, nan bon kondisyon.
- Eskalye yo pa dwe prezante yon danje pou moun ka itilize yo nòmalman e yo dwe nan bon kondisyon.
- Dlo pa fèt pou pase nan fenèt ak nan pòt yo. Kèlkeswa tanperati, fòk pòt yo rete an fòm.
- Fòk tout pòt deyò gen bon seri solid epitou yo gen manch pou rale ak bon kle pou fèmen.
- Fòk fenèt yo pa gen fant ak twou ladan yo.
- Fòk pa gen twou kote pou bèt pase ni nan atè anndan yo ak plafon yo osnon mi yo.
- Fòk gen bon dlo cho ki konekte ni nan kizin nan, ni nan twalèt yo, ni nan basen kote moun benyen yo.
- Tout kay ak apatman fèt pou genyen twalèt ijyenik k'ap fonksyone.
- Lè se mèt kay la ki bay aparèy pou fè manje ak aparèy pou chofaj fòk yo byen enstale san yo pa prezante ankenn danje e fòk yo travay byen
- Fòk gen kote ki deziye pou lage fatra ak yon kote pou depo.

L. Fòk nan chanm kote moun rete-a (kote yo itilize pou viv ak dòmi) dwe gen omwen 2 priz kouran. Anplis de sa, fòk genyen limyè nan plafon-an avèk yon plòg ki pou kontwòle-l. Fòk plòg sa a tou pre pòt antrè a.

M. Fòk tout sistèm elektrik la toujou an bon kondisyon.

N. Fòk tout fenèt gen ekran ladan yo.

Si'w rete nan yon bildin ki gen 5 inite pou piti, rele Divizyon ki la pou Restoran ak Otel yo (Division of Hotel Restaurants) pou fè enspeksyon nan (305) 470-5680. Si'w lwe yon kay separe pou yon sèl fanmi oubyen yon kay pou de fanmi osnon nan yon bildin ki pa gen plis ke 4 inite (kote pou moun rete), rele Miami-Dade County Team Metro Minimum Housing pou enspeksyon nan (305) 375-2338.

## V. MEN KI SA POU'W FÈ LÈ MÈT KAY LA KOMÈT YON VYOLASYON.

Si mèt kay ouan pa an akò ak lwa ki tabli sou bildin, kay ak lasante osnon pa kenbe kay la jan lwa-a mande-l osnon vyole lòt lwa ki nan kontra lwaye-a, ou ta dwe rasanble prèv ki konsène vyolasyon-an. Ou ka rele biwo lokal yo ki la pou fè respekte règleman yo pou yo wè eske mèt kay la fè sa-k pa sa.

Si pa genyen anken biwo lokal ki kap envestige vyolasyon an, ou kap chèche lòt mwayen pou mete prèv yo ansanm; pa egzanp: pran foto, pran prèv moun ka wè osnon chèche jwenn deklarasyon nan men moun ki te temwen vyolasyon-an.

Si mèt kay lan vyole lalwa oubyen kontra lwaye-a, ou ka chache lòt manyè ke lalwa deja bay sou kouman pou rezoud pwoblèm nan, si se pa oumenm ki te poze pwoblèm nan.

- Si pwoblèm nan se yon violasyon "materyèl" ki vle di nan tèm legal (li enpòtan, se yon gwo bagay), ou ka ekri yon lèt voye bay mèt kay la osnon moun ki reprezante mèt kay la osnon moun ki responsab ki abite nan bildin nan oubyen nenpòt moun ki responsab pou vin chache lajan lwaye-a. Nan lèt la, se pou di-l byen ki sa ki pwoblèm lan. Si li pa korije pwoblèm nan w-ap kanpe kontra kay la. Se pou'w voye lèt nan sètifye pa lapòs bay mèt kay la epi se pou'w kenbe yon kopi lèt lan pou tèt ou. Nan 7 jou apati de dat mèt kay la resevwa lèt lan, li fèt pou-l korije pwoblèm la. Si-l pa korije-l nan 7 jou, ou ka konsidere ke aranjman lwaye-a pa la ankò epitou ou ka sòti nan kay la.
- Si pwoblèm nan se yon violasyon "materyèl" epi ou vle rete nan kay la, ou gen dwa voye yon lèt bay mèt kay la, moun ki reprezante mèt kay-la

responsab anedan-an oswa moun ki responsab touche lwaye-a. Nan lèt la, se pou ou di: ki sa pwoblèm nan ye, epitou, si mèt kay nan pa korije pwoblèm nan w-ap kenbe yon pòsyon nan lajan mwa kay la osnon tout lajan mwa a nèt. Fòk mèt kay la resevwa lèt la 7 jou anvan lè ou te genyen pou'w peye lwaye-a. Pa bliye, fòk ou toujou kenbe yon kopi lèt la pou tèt ou. Fòk ou di byen ki sa-k pwoblèm yo. Nan jou ou te dwe peye lwaye-a, si mèt kay la pat korije pwoblèm yo ou gen dwa kenbe yon pòsyon oubyen tout lajan lwaye-a.

**Li enpòtan anpil pou lajan'w kenbe-a ou pran li ou mete-l yon kote pou kont li oka ou mèt kay la ta rele-w nan tribinal. Pou kisa? Paske tribinal nan pral mande-w pou depoze lajan ke-w te kenbe-a nan kòf lajan tribinal la pandan tribinal nan ap rezoud ka-a. Si'w genyen ka a, tribinal la ap retounen tout lajan'w nan ba'w ou.**

C. Ou ka ale nan tribinal sivil ki nan tribinal konte-a pou'w asiyen mèt kay la pou tout domaj ke-l koze-w akòz vyolasyon an.

D. Si kote-w rete a tèmman domaje ke'w pa ka rete ladann ankò ou gen dwa kanpe kontra toudswit.

Tèmman gen anpil kote nan kesyon sa a ki pa klè nan lwa a, pou seksyon sa a, li pi bon anvan ke'w pran okenn aksyon legal kont mèt kay ouan, pou'w ta diskite siliasyon an avèk yon avoka.

## VI. SISPAAN / CHANJE KONTRA LWAYE-A

Si yon kontra lwaye pa di ki lè kontra-a ap fini, alò mèt kay la oswa lokatè-a ka deside sispann kontra-a oubyen chanje li si yo fè sa a lekri tankou jan nou dekri'l la:

- Lè kontra-a se pa semèn li ye fòk youn nan pati yo fè konnen sa omwen 7 jou anvan yon semèn fini.
- Lè kontra a se pa mwa, fòk youn nan pati yo fè konnen sa omwen 15 jou anvan yon mwa fini.
- Lè kontra a se pou 3 mwa, fòk youn nan pati yo fè konnen sa omwen 30 jou anvan twa mwa-a rive.
- Lè kontra a se pou lane, fòk youn nan pati yo fè konnen sa omwen 60 jou anvan ane-a fini.
- Miami Beach gen yon lwa espesyal ki mande pou tout mèt kay fè lokatè'l yo konnen a lekri omwen 30 jou alavans si lokatè-a gen yon aranjman nan bouch pou peye pa mwa, oubyen gen yon kontra ki pa gen yon dat fiks pou-l fini.

**Atansyon:** Si mèt kay la vle monte pri lwaye-a, fòk li swiv menm lwa sa yo tou. Si yon mèt kay di-w ke l-ap monte pri lwaye-a nan bouch, sa-l di-a pa gen okenn valè. Pa egzanp, si yon mèt kay pa gen yon kontra ki ekri avèk ou epitou ou toujou peye lwaye-a chak mwa, si pou-l monte-l, li fèt pou li bò-w sa ekri sou papye 15 jou davans anvan lè pou'w peye-a rive. Pa egzanp, papye-a fèt

pou-l di-w: \$350 ou te konn peye pa mwa-a fini, kounye ya se \$400 ou pral peye ak kontra tou nèf la.

## VII. REZONKIKALAKOZ KONTRALWAYE-A SISPANN

Mèt kay la kapab sispann kontra- a si 'w pa respekte sa ki nan kontra-a tankou:

- A. Si-w pa peye lwaye-a, mèt kay la dwe ekri-w pou'l ba-w 3 jou pou'w peye lwaye-a (kantite ekzat ou dwe-a), osnon, mèt kay la gen dwa reprann kay li apre 3 jou sayo kaba, samdi, dimanch ak jou konje pa konte. Avi-a fèt pou di ki dat twazyèm jou a tonbe. Yon jou konje legal se sèlman yon jou tribinal pa louvri.
- B. Si se lwaye-a sèlman ke-w peye epi ou pa respekte yon pòsyon osnon tout aranjanman ki nan kontra-a, osnon, ou vyole dwa yon lokatè (al gade pwen III), mèt kay la dwe ba-w 7 jou pou'w fikse pwoblèm nan oswa pou'l rebran kay li.

**Atansyon:** Si vyolasyon an serye menm jan ak sa nou te di nan pwen (B)-a materyèl, osnon ou te vyole lwa-a volontèman, oubyen se yon vyolasyon ou te konn fè deja, mèt kay la gen dwa voye yon papye ekri ba'w pou'l mande'w kite kay la nan 7 jou e kontra-a ap sispann. Answit, mèt kay la ka mande la jistis pou l-pa kite'w fè okenn dezòd ki ka met kay li-a an danje.

## VIII. MANNYÈ YO KA MET YON MOUN DEYÒ NAN YON KAY (MANNYÈ EVIKSYON)

Si kontra-w la fini osnon ou pa-t respekte kontra a oubyen ou pa-t fikse yon pwoblèm ke mèt kay la te mande-w ranje, mèt kay la ka fè yo mete'w deyò. Men ki mannye:

- A. Mèt kay kote w-rete-a dwe rele-w nan tribinal konte-a (yo rele sa plent) pou mete moun deyò. Mèt kay la dwe mete nan papye tribinal la yo yon kopi kontra'w la si'w genyen'l ak yon kopi papye li te ba-w la pou mande-w pou sòti nan kay la: 3 jou pou'w te peye lwaye-a, 7 jou oswa 15 jou pou'w te kite.

**Atansyon:** Si w-pa peye lwaye-a osnon ou pa sòti lè mèt kay la mande-w pou sòti-a, mèt kay la PA GEN DWA pou l-chanje kle ak seri pòt yo, osnon koupe dlo ak kouran nan kay la, osnon fè anyen ki pou fòse-w kite kay la. Lalwa rele sa yon bagay ILEGAL, osnon "LETA PA REKONÈT BAGAY SA A", epitou, sa a ta yon vyolasyon kontra ant mèt kay la ak moun ki lwe kay la. Si mèt kay la ta fè youn nan bagay sa yo, sa t-ap fè-l reskonsab pou l-peye-w 3 mwa lwaye osnon nenpòt domaj ki ta rive-w, kèlkeswa sa k-pi gwo nan 2 bagay sa yo. Epitou, mèt kay la ta genyen pou l-peye nenpòt lajan avoka ta mande. Chak fwa, mèt kay la fè yon zak ki pa bon, se yon lòt vyolasyon diferan. Pa egzanp, si mèt kay la

koupe dlo'w yon jou, epi li mete-l ankò, epi twa jou apre, li chanje seri ak kle kay la, se yon dezyèm vyolasyon e ou k-ap rele-l nan tribinal pou sa. Depi mèt kay la koupe dlo, li pral reskonsab pou l-peye-w 3 fwa lajan lwaye-a epi chanje seri ak kle pòt kay la ap fè-l reskonsab peye-w 3 fwa lajan lwaye-a.

- B. Kèlkeswa papye k-ap sòti nan tribinal vin jwenn ou, fòk se yon cherif ki pòte-l, epitou, fòk cherif la lonje-l men nan men ba'w osnon nenpòt lòt granmoun ki nan kay la. Nan kèk ka, cherif la gen dwa kite papye-a nan pa pòt ou, si w-pa ta la. Gen diplis, wi, fòk mèt kay la osnon tribinal la voye pa lapòs yon kopy papye tribinal la ba'w.
- C. Ou gen 5 jou sèlman pou'w reponn papye-a epi fòk se ekri ke w-ekri tribinal ak mèt kay la, wikenn pa ladann. Sa vle di, lè w-resevwa yon papye konsa, pa chita sou li, fòk ou reponn li pou di si ou menm ou gen avoka pa-w osnon si w-pa genyen pou defann tèt pa-w. Si w-ap defann tèt ou pou kont ou, paske ou vle montre tribinal nan ke mèt kay la pa-t respekte kèk lwa kontra ki fè-w pa peye-a, pa ekzanp, fòk ou fè-l konsa:

- (1) Fòk w-al depoze lajan lwaye-a nan kont Tribinal-la epi oubyen fòk ou mande tribinal-la (nan repons ouan) pou li detèmine konbyen lajan lwaye ou dwe. Ou ka mande Tribinal la tou sou papye yon jijman pou-l ka detèmine konbyen lajan lwaye ou dwe depoze nan kont tribinal la. Si w-ap fè sa, ou va mete nan tèt papye w-ap ekri-a "Answer, Motion to Determine Rent and Request for Hearing." ki vle di "Repons, Mosyon Pou Detèmine Lwaye ak Demand pou Jijman."

- (2) Fòk ou kontinye peye lwaye-a chak fwa lè'l rive nan kès tribinal la pandan jijman-an ap kontinye.

**Atansyon:** Si w-pote neglijan ou pa voye peye lajan lwaye-a nan kès tribinal la, osnon mande yon mosyon pou konn konbyen lajan lwaye w-dwe epi mande yon jijman ant pwemye jou-a ak 5 jou tribinal la ba'w pou fè sa, Samdi, ak Dimanch ak jou fèt pa ladann, sa vle di ke'w abandone dwa pou defann tèt ou, fò'w peye lajan-an e mèt kay la genyen ka-a otomatikman.

Si w-mande yon mosyon pou konn konbyen lajan lwaye ke'w dwe, ou dwe bay dokiman ki pwouve ke gen erè nan valè lajan lwaye ke mèt kay la ap mande-a. Pa egzanp, si w-di ke w-te peye deja, mete yon kopi resi-a nan papye mosyon an. Si w-di ke w-te kenbe lajan lwaye pou'w te fòse mèt kay la vin repare yon bagay nan kay la pou wou, mete yon kopi papye kote'w te voye di mèt kay la sa.

Si se nan **Seksyon 8 osnon lòt kote nan kay leta ke w-ap viv**, ou dwe pou'w mete pòsyon pa'w la ke'w reskonsab sèlman paske leta ede w-peye res lajan an.

- D. Si y'ap mete-w deyò paske'w pa peye lwaye epi ou mande tribinal la pou l-di-w konbyen lajan lwaye ou dwe oswa ou te reponn ke w-te peye deja, tribinal la ka fè yon jijman pou'l desidee konbyen lajan ou dwe depoze oswa li ka bay yon lòd dapre jan'l konprann repons ou-a. Si se pou lòt pwoblèm nan kontra a ke w-pat respekte ke y'ap mete'w deyò, epi ou kouri bay tribinal la yon repons, tribinal la ap fè yon jijman. Anvan'w wè jij la, byen souvan, se devan **yon medyatè** ke tribinal lan voye oumenm ak mèt kay la. **Yon medyatè** se yon moun ki resevwa yon fòmasyon pou'l ede'w ak mèt kay la jwenn yon jan pou'n jwenn yon antant pou'n sa evite al nan jijman. Si oumenm ak mèt kay la jwenn yon antant, oumenm ak mèt kay la ap siyen yon papye sou tout kondisyon ke oumenm ak mèt kay la te dakò. Si oumenm ak mèt kay la pa ka tonbe dakò, alòs, nou pral nan yon dènye jijman. Tribinal la pral tande tout prev ke tou de pati yo prezante epitou l'ap decide ki moun ki gen rezon.

- (1) Si'w genyen jijman tribinal la, ou ka rete nan kay la.

- (2) Si'w genyen yon ka kote ou te kenbe lajan lwaye ke w'pat peye paske mèt kay la pat vin ranje sa ou te mande-l ranje a, tribinal la ap decide ki valè lajan lwaye ki pi jis pou peye dapre domaj ou genyen akòz bagay ki te deranje yo. Tribinal la ap ba'w mòso lajan epitou l-ap bay mèt kay la sak rete-a. Tribinal la ka mande mèt kay la pou'l fè reparasyon yo tou.

- (3) Si w-pèdi jijman an osnon si w-pat reponn papye tribinal la yo depi okòmansman, tribinal la ap decide fòk ou kite kay la. Si w-pa kite kay la, tribinal la ap bay cherif lòd pou mete-w deyò ak tout fanmi'w ak tout bagay ke w'gen andedan kay la. Lòd ke tribinal la bay cherif la pou mete'w deyò a rele: **manda pou yo poze men sou sa'w posede.** Lòd sa a ba-w 24 è'd tan pou'w kite kay la. Si'w pa gen tan sòti lè cherif la retounen, mèt kay la oswa ajan mèt kay la ka retire nenpòt sa'w genyen anndan kay la e mete yo deyò-a. Yo kapab fè sa ke'w la, ke'w pa la, ke'w gen timoun oswa menm si'w malad.

## IX. DEPO / KÒB ANBA KÒM SEKIRITE

### A. POU KISA KÒB ANBA-A

Lalwa defini yon depo sekirite kòm nenpòt lajan ke yon mèt kay kenbe kòm yon diplis sou lajan lwaye-a, se yon lajan

ke mèt kay la dwe kenbe nan yon kote ki gen bon sekirite, pou-l sa sèten ke moun ki lwe-a byen pran swen kay li epitou moun nan swiv osnon respekte kontra a. Lajan sa-a la tou oka ke moun ki lwe-a ta kraze/brize kay la anvan l'bat zèl li lè yon kontra kaba. Lalwa rele lajan lwaye davans ke'w bay mèt kay la: lajan w-bay mèt kay la pou lwaye kap vini lè-w poko peye. Men kijan pou mèt kay la kenbe lajan sa yo:

- (1) Fòk mèt kay la kenbe lajan sa yo nan yon kont ki pa bay enterè epitou fòk se nan yon bank ki nan leta Florid la; mèt kay la pa gen dwa mele lajan sayo ak lòt lajan; osnon
- (2) Kenbe lajan sa yo nan yon kont labank ki bay enterè nan Leta Florid, moun ki lwe-a fèt pou jwenn 75 pou san nan tout enterè lajan an fè oubyen 5 pou san, kèlkeswa sa mèt kay la decide-a nan 2 chwa sa yo, osnon
- (3) Mèt kay la gen dwa mete yon papye lajan sekirite ki reprezante tout lajan ke moun ki lwe-a depoze nan tribinal awondisman kote kay la ye-a. Fòk papye lajan an egal a valè lajan ke moun ki lwe-a te depoze-ya osnon \$50,000, kèlkeswa lajan ki pi piti-a. Si mèt kay la decide pou l-mete papye lajan sa yo, fòk li peye moun ki lwe-a 5 pou san enterè sou lajan an pou chak ane.

### B. FASON POU YON MÈT KAY VOYE AVI BAY LOKATÈ LI

Nan 30 jou lè li fin resevwa depo-a, mèt kay la dwe ekri lokatè-a pou'l fè'l konnen:

- (1) To denterè-a si kòb la te bay enterè.
- (2) Ki lè lokatè-a ap touche enterè pa'l si te gen enterè.
- (3) Mèt kay lan fèt pou li voye non ak adrès bank kote li depoze lajan-an.
- (4) Fòk mèt kay la fè sa kanmèm, menm si li depoze lajan-an nan yon kont labank pou kont li oubyen ak lòt lajan pa li.
- (5) Li fèt pou li voye yon kopi Dekrè Lwa Florid la, #83.49 (3) ki esplike dwa ak obligasyon ke mèt kay ak moun ki lwe kay nan kesyon remèt kòb anba oswa depo-a.

Lè-w kite kay la, mèt kay lan gen kenz jou pou li remèt ou kòb ou te bay an ba-a. Si mèt kay la kenbe lajan ou te bay an ba-a pou l-reklame nenpòt domaj ou te fè osnon pou lajan lwaye kote ou te dwe, mèt kay la dwe voye yon papye sètifye pa lapòs 30 jou apre'w kite kay la pou-l di ke li gen entansyon kenbe kòb ou te bay an ba-a e pou kisa.

Si mèt kay la fè'w konnen ke li gen entansyon fè reklamasyon sou kòb ou te bay an ba-a, ou gen kenz jou pou'w reponn pou'w fè konnen ke'w pa dakò.

**ATANSYON:** Pou'w ka gen dwa jwenn kòb ou te bay an ba-a ou dwe voye yon lèt **ke lapòs sètifye** ki gen dat w-ap kite a, ak adrès tou nèf ke w-ap genyen an.

Mèt kay la dwe resevwa lèt ou-a omwen sèt (7) jou davans anvan ke'w kite kay la. Mentou, ou dwe toujou bay mèt kay la adrès tou nèf ou-a pou-l sa konnen ki kote pou'l voye lajan depo'w la oubyen lèt ki ap di ke li ap kenbe yon pòsyon oubyen tout lajan depo-a.

Si mèt kay nan kenbe kòb ou te bay an ba-a pou plis pase trant (30) jou apre ke-w fin kite kay lan **san** ke li pa voye yon eksplikasyon ekri pou kisa li kenbe lajan-an, osnon, li pa gen bon rezon pou-l kenbe-l, ou gen dwa rele-l nan tribinal pou'w sa jwenn kòb ou.

Si w-ap rele-l nan tribinal pou pi piti ke \$5,000, ou ka fè sa pou kont ou nan Tribinal pou Ti Reklamasyon Piti. Ou ka mande moun nan tribinal sa a pou ranpli yon fom ki rele ki rele: "Statement of Claim." (Kote w'ap fè Reklamasyon-an) Nan fom sa a, ou va eksplike konbyen lajan mèt kay la gen pou wou nan move kondisyon e pou kisa li pa dwe kenbe lajan sa-a. Si-w se moun kap touche lajan piti, ou kap pa kapab peye lajan ke tribinal lan ap mande'w pou fè travay sa a; ou fèt pou mande tribinal lan pou li pa mande-w peye. Pou'w fè sa, fòk ou ranpli yon fom ki rele: "Affidavit of Insolvency." (Deklarasyon ke'w pa ka peye). Mande Konmi tribinal la pou'l eksplike-w tout sa pou fè pou'w kontinye ka ou gen kont mèt kay la epi ki sa pou'w fè pou mennen-l nan jijman (devan yon Jij).

#### X. KÈK KESYON KOMEN SOU DISKRIMINASYON NAN ZAFÈ KAY

##### 1. Ki sa diskriminasyon ye?

Diskriminasyon vle di nenpòt tretman diferan ke'w resevwa akòz de ras ou, koulè'w, relijyon'w, sèks ou, peyi kote'w sòti, zansèt ou, laj ou, paske'w andikape, estati marital ou (si'w marye ou si'w pa marye) paske'w gen sida oswa paske'w gen timoun. Bagay sa yo ilegal e se yon vyolasyon lwa ki tabli pou règleman te koze kay.

##### 2. Sa-m ka fè kont diskriminasyon?

Ou ka pòte plent bay "Metro Dade Equal Opportunity Board." Yo menm, yo gen pouvwa pou yo envestige plent diskriminasyon-an pou kay ak travay e pou yo bay moun sa yo ki vyole lwa yo lòd pou yo korije aksyon yo fè-a.

##### 3. Ki moun ki kap pòte plent?

Nenpòt moun ki ta va sibi diskriminasyon dapre sa nou sot di la yo.

##### 4. Kouman ou ka pòte yon plent?

Ou ka fè plent lan nan telefòn nan 375-5272 e'w ka mande pou yo voye yon fom pou wou pa lapòs pou fè plent lan. Ou gen dwa ale nan biwo-a, osnon voye yon lèt bay "Dade County Equal Opportunity Board", Metro-Dade County, 111 N.W. 1<sup>st</sup> Street, #2140, Miami, Florida 33128-1912. Yo louvri depi 8:00 nan maten rive 5:00 nan apremidi, depi Lendi jiska Vandredi.

##### 5. Ki lè ou ta dwe pote plent nan?

Ou ta dwe pòte plent lan tou swit lè yon moun fè diskriminasyon kont ou. Lalwa mande-w pou pa kite 180 jou pase apre ou te santi yo te fè diskriminasyon kont ou nan koze kay.

##### 6. Sa-k ka rive si-w pòte yon plent?

Moun ki nan komite-a pral fè envestigasyon sou ka'w la pou yo ka wè si yo te fè diskriminasyon kont ou. Si yo jwen ke te gen diskriminasyon, yap itilize pouvwa yo pou yo korije sityasyon an, si se nesèsè, y-ap rele moun sa yo ki te fè diskriminasyon-an devan Tribinal.

##### 7. Eske fòk yon moun peye lè l-ap pòte yon plent?

Pa gen senk kòb pou'w peye. Se moun nan komite-a k'ap peye pou tout depans ni pou envestigasyon-an, ni pou tribinal la.

**Atansyon:** HOPE, INC, se yon òganizasyon prive ki pa la pou fè lajan, ki ap envestige plent yo pòte yo. Se òganizasyon sa a ki ka trennen nenpòt moun ki fè diskriminasyon kont moun devan yon tribinal. Rele yo pou'w pòte plent lan nan 571-8522, Lendi jiska Vandredi, 9:00 dimaten jiska 5:00 nan apremidi.

## BRANCH COURTS

The numbers in parentheses are the branch court numbers

### Miami Beach Branch (24)

(East District)

1130 Washington Avenue

Miami Beach, Florida 33139

### Dade County Courthouse (05)

(Central District)

73 West Flagler Street

Miami, Florida 33130

### North Dade Justice Center (23)

(North District)

15555 Biscayne Boulevard

Miami, Florida 33160

### Hialeah Courthouse (21)

(Hialeah District)

11 East 6<sup>th</sup> Street

Hialeah, Florida 33010

### Caleb Center (20)

(North Central District)

5400 NW 22 Avenue

Miami, Florida 33142

### Coral Gables Branch (25)

(South Central District)

3100 Ponce De Leon Blvd.

Coral Gables, Florida 33134

### South Dade Justice Center (26)

(South District)

10710 SW 211 Street

Miami, Florida 33169